

## **BAB III**

### **METODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode panalungtikan mangrupa cara ngungkulan masalah panalungtikan nu dilaksanakeun kalayan dirarancang sarta taliti, kalayan maksud meunangkeun fakta jeung kacindekan sangkan bisa nyangkem, ngajelaskeun, ngaramalkeun, sarta ngendalikeun kaayaan (Syamsuddin, spk, 2009: 14).

Méthode panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Panalungtikan anu maké méthode déskriptif, nya éta panalungtikan anu tujuanana pikeun ngajéntrékeun fénoména anu nyampak kalayan maké angka-angka pikeun nétélakeun karakteristik individu atawa kelompok (Syamsuddin, spk, 2009:24).

Panalungtikan déskriptif narékahan sangkan bisa ngagambarkeun kalayan sistematis jeung taliti fakta-fakta aktual jeung sipat-sipat populasi anu tangtu, tujuanan pikeun ngungkulan masalah-masalah aktual nu disanghareupan ayeuna, sarta ngumpulkeun data atawa informasi nu pikeun disusun, dipedar, sarta dianalisis (Margono, 2009: 8).

Métode déskriptif digunakeun dina ieu panalungtikan lantaran luyu jeung tujuan nu rék dihontal, nya éta ngadéskripsikeun data anu geus ngumpul, anu satuluyna dianalisis jeung ditafsirkeun; sarta ieu métode téh baris ngungkulan pasualan anu aktual. Ku lantaran kitu, ieu métode téh bisa dipaké pikeun maluruh kamampuh siswa dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina mangsa kiwari.

Anapon léngkah-léngkahna dina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Ngayakeun observasi ka tempat panalungtikan.
- 2) Nangtukeun sumber data.
- 3) Ngumpulkeun data.
- 4) Ngolah data.
- 5) Ngadéskripsikeun jeung nyindekkeun hasil analisis data.

### **3.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan nya éta mangrupa cara anu kudu dilakonan dina panalungtikan kalawan ngagunakeun métode anu tangtu, sangkan tujuan anu dipiharep bisa kahontal. Anapon téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ngumpulkeun data (tés jeung observasi) jeung téhnik ngolah data.

### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

#### 1) Téhnik Tés

Tés nya éta saruntuyan patalékan, latihan, atawa alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, kamampuh, atawa bakat anu dipibanda individu atawa kelompok (Anderson dina Nurgiyantoro, 1995 : 59).

Téhnik tés, mangrupa téhnik nu ngébréhkeun saperangkat rangsangan (stimuli) anu ditujukeun ka saurang jalma kalayan maksud pikeun meunangkeun jawaban anu dijadikeun dasar dina netepkeun skor angka. Dina ieu panalungtikan, téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda.

Dumasar kana kapentingan panalungtikan anu merlukeun data anu konkrit pikeun dianalisis, mangka tés anu dilakukeun diwujudkeun kana wangun tulisan, nya éta nyieun dialog (paguneman) dina situasi anu ditangtukeun, dina wangun wacana dialog tinulis.

#### 2) Téhnik Observasi

Nasution dina Sugiyono (2009: 310) nétélakeun, yén observasi nya éta dasar sakabéh élmu pangaweruh. Numutkeun Nurgiyantoro (1995: 57), observasi atawa pengamatan nya éta penilaian ku cara ngayakeun panalungtikan kana hiji hal kalayan langsung, taliti, sarta sistematis. Téhnik observasi diartikan salaku *pengamatan* sarta *pencatatan* kalayan sistematis kana gejala anu katilik ti objék panalungtikan. Dina

ieu panalungtikan, téhnik observasi dilakukeun pikeun maluruh kecap-kecap UUBS nu dilarapkeun siswa MA Al-Bidayah dina wacana dialog.

### 3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Prosés ngolah data mangrupa tahapan anu penting pikeun nangtukeun kacindekan hasil panalungtikan. Anapon métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta déskriptif, téhnik ngolah datana nya éta risét déskriptif anu sipatna éksploratif atawa *develop-mental* (Arikunto, 2010: 282)

Anapon léngkah-léngkah ngolah datana saperti di handap ieu:

- 1) Nganomeran unggal kalimah anu aya dina wacana dialog.
- 2) Milihan kecap-kecap anu aya dina unggal kalimah, tuluy dinomeran.
- 3) Masing-masingkeun kecap, tuluy diasupkeun kana tabél dumasar klasifikasi anu geus ditangtukeun, nya éta gundukan kecap loma, kecap lemes keur sorangan, sarta kecap lemes keur ka batur.

#### 3.2.2.1 Analisis Wacana Dialog

Dina nganalisis dialog, dilakukeun tahapan saperti di handap ieu:

##### 1) Meunteun Kamampuh Siswa

$$N = \frac{\sum B}{\sum U} \times 100$$

Keterangan:

N : perséntase kamampuh siswa

$\Sigma B$  : jumlah kecap undak usuk basa anu bener

$\Sigma U$  : jumlah sakabeh kecap undak usuk basa nu digunakeun dina dialog

## 2) Nangtukeun Patokan

Tabél 3.1

Nangtukeun Patokan ku Cara Ngitung Perséntase keur Skala Lima

Interval Perséntase Tingkat Ngawasa	Niléy Ubah Skala Lima		Katerangan
	0-4	E-A	
85% - 100%	4	A	Alus Pisan
75% - 84%	3	B	Alus
60% - 74%	2	C	Cukup
40% - 59%	1	D	Kurang
0% - 39%	0	E	Goréng

(Nurgiyantoro, 1995: 393)

### 3.2.2.2 Analisis Basa Loma, Basa Lemes keur Sorangan, jeung Basa Lemes keur

#### Batur

Analisis basa loma jeung basa lemes maké ukuran préstasi anu dihontal ku siswa dina hiji kelompok. Nurgiyantoro (1995: 409), ngajéntrékeun rumus Indéks Préstasi Kelompok saperti di handap ieu:

$$\text{Indéks Préstasi Kelompok} = \frac{X}{\text{Skor Maks}} \times 100$$

#### a) Kamampuh Maké Basa Loma

$$L_m = \frac{X_m}{Y_m} \times 100$$

Keterangan:

$L_m$  : Perséntase larapna basa loma

$X_m$  : Jumlah basa loma nu merenah

$Y_m$  : Jumlah basa loma nu dipaké

**b) Kamampuh Maké Basa Lemes Keur Sorangan**

$$L_s = \frac{X_s}{Y_s} \times 100$$

Keterangan:

$L_s$  : Perséntase larapna basa lemes keur sorangan

$X_s$  : Jumlah basa lemes keur sorangan nu merenah

$Y_s$  : Jumlah basa lemes keur sorangan nu dipaké

**c) Kamampuh Maké Basa Lemes keur ka Batur**

$$L_b = \frac{X_b}{Y_b} \times 100$$

Keterangan:

$L_b$  : Perséntase larapna basa lemes keur saluhureun

$X_b$  : Jumlah basa lemes keur ka batur nu merenah

$Y_b$  : Jumlah basa lemes keur ka batur nu dipaké

### **3.3 Sumber Data**

Sumber data dina panalungtikan nya éta subjék ti mana data bisa dimeunangkeun (Arikunto, 2010: 172). Sumber data dina ieu panalungtikan ngawengku sakabéh siswa kelas X MA Al-Bidayah nu nyampak, di mana jumlahna 24 siswa.

### **3.4 Instrumén Panalungtikan**

Pikeun ngumpulkeun jeung ngolah data diperlukeun instrumén panalungtikan salaku alatna. Anapon instrumén anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nya éta mangrupa format observasi, soal tés, jeung angkét, sedengkeun pikeun ngolah datana disadiakeun format mangrupa tabél.



### 3.4.1 Instrumén Pangumpul Data

#### Soal Tés

##### **Pancén Paguneman!**

**Kode : 1**

Cik pék ku hidep jieun dua wacana dialog (paguneman) dumasar kana skenario nu disadiakeun di handap ieu! Jieun dina wangun tulisan kalayan ngalarapkeun tatakrama atawa undak usuk Basa Sunda.

Pigawé dina kertas dua lambar. Tong poho tulis ngaran jeung kelas!

##### **Skénario:**

Rini keur siap-siap nyanghareupan ujian akhir nasional. Rini baris nyiapkeun ujianana kalayan bener-bener. Rini nanyakeun ka Aisyah, jeung ka guruna, di mana tempat bimbél anu alus sarta deukeut ti imahna.

Jieun dialogna, nu hiji antara Rini jeung Aisyah, nu kadua antara Rini jeung guruna!

##### **Dialog A**

Rini : .....

Aisyah : .....

Rini : .....

Aisyah : .....

(jeung saterusna)

##### **Dialog B**

Rini : .....

Guru : .....

Rini : .....

Guru : .....

(jeung saterusna)

**Pancén Paguneman!**

**Kode : 2**

Cik pék ku hidep jieun dua wacana dialog (paguneman) dumasar kana skenario nu disadiakeun di handap ieu! Jieun dina wangun tulisan kalayan ngalarapkeun tatakrama atawa undak usuk Basa Sunda.

Pigawé dina kertas dua lambar. Tong poho tulis ngaran jeung kelas!

**Skénario:**

Malem Minggu Dina baris datang ka acara syukuran Ulang Taun babaturan sakelasna. Dina ngarasa bingung kudu ngado naon ka babaturanana. Dina datang ka indungna nu keur aya di dapur pikeun nanyakeun kado naon anu alus pikeun dihadiahkeun ka babaturanana. Salian nanyakeun ka indungna, Dina ogé nanyakeun ka Tia ngeunaan kado naon anu leuwih alus pikeun dihadiahkeun ka babaturanana.

Jieun dialogna, nu hiji antara Dina jeung indungna, nu kadua antara Dina jeung Tia!

**Dialog A**

Dina : .....

Indung Dina : .....

Dina : .....

Indung Dina : .....

(jeung saterusna)

**Dialog B**

Dina : .....

Tia : .....

Dina : .....

Tia : .....

(jeung saterusna)

**Pancén Paguneman!****Kode : 3**

Cik pék ku hidep jieun dua wacana dialog (paguneman) dumasar kana skenario nu disadiakeun di handap ieu! Jieun dina wangun tulisan kalayan ngalarapkeun tatakrama atawa undak usuk Basa Sunda.

Pigawé dina kertas dua lambar. Tong poho tulis ngaran jeung kelas!

**Skénario:**

Dudung rék indit nguseup di walungan deukeut lemburna. Tapi pakakas paranti nguseupna teu lengkep. Tuluy Dudung nanya ka abahna, di mana manéhna bisa meuli pakakas paranti nguseup, sakaligus ngajak abah sangkan nguseup jeung manéhna. Dudung ogé nanyakeun ka babaturanana, Imad, di mana manéhna bisa meuli pakakas paranti nguseup, sakaligus ngajak Imad sangkan ngilu nguseup jeung manéhna.

Jieun dialogna, nu hiji antara Dudung jeung abahna, nu kadua antara Dudung jeung Imad!

**Dialog A**

Dudung : .....

Abah : .....

Dudung : .....

Abah : .....

(jeung saterusna)

**Dialog B**

Dudung : .....

Imad : .....

Dudung : .....

Imad : .....

(jeung saterusna)

**Pancén Paguneman!**

**Kode : 4**

Cik pék ku hidep jieun dua wacana dialog (paguneman) dumasar kana skenario nu disadiakeun di handap ieu! Jieun dina wangun tulisan kalayan ngalarapkeun tatakrama atawa undak usuk Basa Sunda.

Pigawé dina kertas dua lambar. Tong poho tulis ngaran jeung kelas!

**Skénario:**

Siti téh salah saurang siswa SMA. Waktu Siti keur sakola, kaayaan ninina geus wales. Lantaran kaayaanana kitu, Siti diménta balik ka imahna. Ku kituna, Siti ménta ijin ka guruna sangkan bisa balik. Siti ogé nyaritakeun kaayaanana ninina ka Farida, babaturanana, sarta pamit lantaran rék balik.

Jieun dialogna, nu hiji antara Siti jeung bu guru, nu kadua antara Siti jeung Farida!

**Dialog A**

Siti : .....  
Bu Guru : .....  
Siti : .....  
Bu Guru : .....  
(jeung saterusna)

**Dialog B**

Siti : .....  
Farida : .....  
Siti : .....  
Farida : .....  
(jeung saterusna)

**Pancén Paguneman!**

**Kode : 5**

Cik pék ku hidep jieun dua wacana dialog (paguneman), dumasar kana skenario nu disadiakeun di handap ieu! Jieun dina wangun tulisan kalayan ngalarapkeun tatakrama atawa undak usuk Basa Sunda.

Pigawé dina kertas dua lambar. Tong poho tulis ngaran jeung kelas!

**Skénario 1:**

Budi rék meuli koran. Manéhna datang ka warung koran, tuluy nanya-nanya koran anu rék dibeuli. Sanggeus aya, tuluy Budi ngasongkeun duit ka bapa-bapa nu ngajual koran. Lantaran duitna gedé sarta teu aya pamulangan, Budi teu jadi meuli koran. Manéhna ogé ménta maaf ka bapa tukang koran lantaran teu jadi meuli.

**Skénario 2:**

Budi rék meuli koran. Manéhna datang ka warung koran milik babaturanana, nya éta Arif, anu geus jadi langgananana . Tuluy nanya-nanya koran anu rék dibeuli. Sanggeus aya, tuluy Budi ngasongkeun duit ka Arif. Lantaran duitna gedé sarta teu aya pamulangan, Budi teu jadi meuli koran. Manéhna ogé ménta map ka Arif lantaran teu jadi meuli harita.

**Dialog A**

Budi :  
.....

Tukang koran :  
.....

Budi :  
.....

Tukang koran :  
.....

(jeung saterusna)

**Dialog B**

Budi :  
.....

Arif :  
.....

Budi :  
.....

Arif :  
.....

(jeung saterusna)

**Pancén Paguneman!****Kode : 6**

Cik pék ku hidep jieun dua wacana dialog (paguneman) dumasar kana skenario nu disadiakeun di handap ieu! Jieun dina wangun tulisan kalayan ngalarapkeun tatakrama atawa undak usuk Basa Sunda.

Pigawé dina kertas dua lambar. Tong poho tulis ngaran jeung kelas!

**Skénario 1:**

Nanang jeung Hadi keur nongton pertandingan sepak bola dina TV bari madungdengkeun tim mana anu bakal meunang. Tuluy datang Ajo mawa cemilan. Ajo nawarkeun cemilan ka maranéhna sarta nanya tim mana anu meunang.

**Skénario 2:**

Nanang jeung bapana keur nongton pertandingan sepak bola dina TV bari madungdengkeun tim mana anu bakal meunang. Datang indungna Nanang mawa cemilan, tuluy nawarkeun cemilan ka aranjeunna sarta nanya tim mana anu meunang.

**Dialog A**

Nanang : .....

Hadi : .....

Nanang : .....

Ajo : .....

(jeung saterusna)

**Dialog B**

Nanang : .....

Bapa : .....

Nanang : .....

Indung : .....

(jeung saterusna)

### 3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Pikeun ngolah data panalungtikan disadiakeun tabél saperti di handap ieu:

**Tabél 3.3.2.1**  
**Larapan UUBS dina Dialog**

No.	Kalimah	UUBS		BLM		BLS		BLB	
		Nu dipaké	Sakuduna	M	TM	M	TM	M	TM

Katerangan:

- UUBS : undak usuk basa Sunda  
BLM : basa loma  
BLS : basa lemes keur sorangan  
BLB : basa lemes keur ka batur  
M : merenah  
TM : teu merenah

Sabada diranjing-ranjing tuluy diasupkeun kana tabél husus saluyu jeung klasifikasina.

**Tabél 4.1.1.1**

**Merenahna Kecap Loma**

<b>No.</b>	<b>Kecap</b>	<b>f</b>	<b>Perséntase (%)</b>

**Tabél 4.1.1.2**

**Teu Merenahna Kecap Loma**

<b>No.</b>	<b>Kecap</b>	<b>Sakuduna</b>	<b>f</b>	<b>Perséntase (%)</b>

**Tabél 4.1.2.1**

**Merenahna Kecap Lemes keur Sorangan**

<b>No.</b>	<b>Kecap</b>	<b>f</b>	<b>Perséntase (%)</b>



**Tabél 4.1.2.2**

**Teu Merenahna Kecap Lemes keur Sorangan**

<b>No.</b>	<b>Kecap</b>	<b>Sakuduna</b>	<b>f</b>	<b>Perséntase (%)</b>

**Tabél 4.1.3.1**

**Merengahna Kecap Lemes keur ka Batur**

<b>No.</b>	<b>Kecap</b>	<b>f</b>	<b>Perséntase (%)</b>

**Tabél 4.1.3.2**

**Teu Merenahna Kecap Lemes keur ka Batur**

<b>No.</b>	<b>Kecap</b>	<b>Sakuduna</b>	<b>f</b>	<b>Perséntase (%)</b>

**Tabél 4.1.4**

**Kecap Kamalayan**

No.	Kecap	f	Perséntase (%)

**Tabél 4.2.1**

**Kamampuh Siswa dina Ngalapkeun UBS**

No.	Wasta	$\Sigma$ Kecap nu dipaké	$\Sigma$ Kecap larapna		% Kecap nu Merenah	Peunteun	Interprétasi
			M	TM			

**Tabél 4.2.2**

**Nangtukeun Jumlah Kamampuh dina Perséntase**

Lobana Siswa nu Mampuh		Skala Niléy	
Dina Perséntase	Per Siswa	E-A	0-4

**Tabél 4.3.1**

**Basa Loma, Basa Lemes keur Sorangan, jeung Basa Lemes keur Batur**

No.	Wasta	Σ Kecap nu dipaké dina dialog	BLM		BLS		BLL	
			M	TM	M	TM	M	TM
		●						

**Tabél 4.3.2**

**Persentase Kamampuh Ngalarapkeun Kecap UUBS**

Basa nu dipaké	Jumlah sakabéh kecap	Merengah	%	Teu Merengah	%

### 3.5 Prosedur Panalungtikan

Anapon dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan téh ngaliwatan sababaraha léngkah, nu ngawengku: tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyusun laporan. Kalayan leuwih jéntré, léngkah-léngkahna dipedar saperti dina tabél di handap ieu:

**Tabél 3**  
**Prosedur Panalungtikan**

<b>Léngkah</b>	<b>Kegiatan</b>
<b>1</b>	<b>2</b>
Tatahar	<ul style="list-style-type: none"> <li>a. Ngajukeun judul panalungtikan.</li> <li>b. Nyusun rarancang panalungtikan.</li> <li>c. Ngayakeun studi pustaka.</li> <li>d. Nangtukeun sumber data.</li> <li>e. Konsultasi jeung dosén pangaping.</li> </ul>
Ngumpulkeun data	<ul style="list-style-type: none"> <li>a. Ngayakeun observasi.</li> <li>b. Ngayakeun tés kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa dina wacana dialog.</li> <li>c. Konsultasi jeung dosén pangaping.</li> </ul>
Ngolah data	<ul style="list-style-type: none"> <li>a. Mariksa sakabéh data nu geus dikumpulkeun.</li> <li>b. Nganalisis larapna undak usuk basa dina wacana dialog.</li> </ul>

1	2
	<p>c. Ngajén kamampuh siswa dina dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda.</p> <p>d. Merséntasekeun merenahna jeung teu merenahna ngalarapkeun undak usuk basa Sunda.</p>
<p>Ngadéskripsikeun jeung nyindekkeun</p>	<p>a. Ngadéskripsikeun hasil analisis data.</p> <p>b. Nyieun kacindekan hasil panalungtikan.</p> <p>c. Konsultasi jeung dosén pangaping.</p>
<p>Nyusun laporan</p>	<p>a. Nyusun hasil panalungtikan dumasar kana aturan karangan ilmiah, pikeun diwujudkeun kana wangun skripsi.</p> <p>b. Konsultasi jeung dosén pangaping.</p>